# М.НЫЗАНОВТЫҢ «МЕНИҢ ТИЛЛӘБИЙКЕМ» ГҮРРИҢИНДЕ САТИРА

**Ктайбекова Зулфия Кенгесбаевна**
*филология илимлери бойынша философия докторы (PhD),*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты Қарақалпақ әдебияты кафедрасы үлкен оқытыўшысы*

***Аннотация:*** *Мақолада М.Низановнинг сатирик асарлари таҳлил қилинган. Тадқиқот объекти сифатида «Менинг Тиллабекам» ҳикоясидаги сатирик характер, одоб-аҳлоқ, образ яратишдаги ёзувчи маҳорати мисоллар контекстида ўрганилган.*
***Таянч тушунча:*** *ҳикоя, сатира, сарказм, ирония, характер, портрет, деталь, стиль.*

***Аннотация:*** *В статье анализируется сатирическое произведении М.Ныванова. В качестве объекта исследования на примере примеров были изучены сатирический характер, манеры поведения, мастерство писателя в создании образа в рассказы «Мой Тиллабека».*
***Ключевые слова:*** *рассказ, сатира, сарказм, ирония, персонаж, портрет, деталь, стиль.*

***Abstract:*** *The article analyzes the satirical works of M. Nizanov. As an object of research, the satirical character, manners, and the writer's skill in image creation in the story "My Tillabeka" were studied in the context of examples.*
***Key words:*** *story, satire, sarcasm, irony, character, portrait, detail, style.*

М. Ныванов – ҳәзирги дәўир қарақалпақ прозасында өзиниң көп санлы сатиралық шығармалары менен танылған көркем сөз шебери. Жазыўшының бир қатар гүрриңлеринде жәмийетимизде болып атырған унамсыз иллетлер, инсан характеринде жағымсыз минез-қулық ҳәм ис-ҳәрекетлер сатира жәрдеминде өткир сынға алынады. Автордың ҳәр бир шығармасында турмысымыздағы жәмийетлик сиясий машқалалар, адамлар арасында қарым-қатнас мәселелери, турмысымыздағы қарама-қарсылықлар, ипласлықлар көбирек сынға алынады. Сондай-ақ, әдеп - икрамлылық, мораллық тема, жәмийетимиздеги турмыслық машқалалар, парахорлық, жасырып жеўшилер, таныс-билисшилик қылыў иллетлери, қәтере, жағымпазлық, тәкәббирлик, бийпәрўалық, жеке мәпти ойлаўшылық т.б. унамсыз сыпатлар ирония, сарказм арқалы түрленеди. Илимпаз Ж.Есенов өзиниң «Ништери бар гүрриңлер» мақаласында, жазыўшының повесть-романлары, гүрриңлери, юморлық шығармалары ҳаққында өзиниң унамлы баҳасын билдиреди: «Оның сатиралық реалистлик прозасы, гүрриңлери менен повестьлери өзиниң ҳақыйқатшылығы, гәде жеңил юморы, жарасымлы ҳәзили,

гәде оғада өткир, ништерли күлкиси – ирониясы менен оқыўшылардың дыққатын өзине тартты» [2.39].

Жазыўшының «Мениң Тилләбийкем» гүррңинде бир шаңарақтағы ўақыялар сатиралық бағдарда өз көринисин тапқан. Гүррңдеги ҳәдийселер шығарма қаҳарманы «қаланың шетиндеги нәўмери өшиңкиреп қалған аралас затлар дүкәнының сатыўшысы Тилләбийке Пултабарованың күйеўи»ниң тилинен баянланады [1.8]. Ол шығарма экспозициясында ҳаялының өзиниң фамилиясына өтпегенлик, қайта «Пултабарова фамилиясын айтқан сайын ақшаның ийиси шығып туратуғынлығын, шаңарағында өзи, ҳаялы Тилләбийке және оның қәлеген ўақытларда туўып алған төрт баласы бар екенлигин айтып таныстырады.

Гүррң сюжети сарказм менен тереӊ суўғарылғанлығы айқын көзге тасланады. Мысалы: «Журт көпсинбесин, ҳаялымның былмейтуғын тараўы жоқ. Анаў десеӊ анаған, мынаў десеӊ мынаған араласып баратыр. Оны танымайтуғын, билмейтуғын адамның өзи шамалы. Үйге де мениң атымды емес, оның атын айтып келеди» [1.8].

Гүррңде шығарма қаҳарманларының наданлығы ишки комизмди ашып берген. Жоқарыда келтирилген мысалда қаҳарманның характери, оның психологиясы, минез-қулқы, наданлығы сүўретленген. Шаңарақта ҳаялының үстем екенлигин төмендеги мысалдан көриўге болады: «БМИдиң есабында хожалық баслығы мен-дә, ал ис жүзинде ол. Оның пышығына пыш дейтуғын ҳешк им жоқ…

Үйимизде еӊ қурғын туратуғын да усы, Тилләбийке ханым. Аўзы толы алтын тис. Отыз еки көйлек, тоғыз сырға, он бир жүзик, сегиз цепочка – мойынға тағатуғын, және жети туфли, гүз кийер - қыс кийер төрт - бес пальто, етиги де сол қурақым. Қулласы бир жайды соған босатып берип қойыппыз, ишине өзи зорға айланып кирип - шығады» [1.8]. Жазыўшы қаҳарман характериниң жасалыўында усындай предметлик детальлар негизинде Тиллабийкениң соматикалық ҳәм кинетикалық портретин шеберлик пенен синтезлеп сүўретлеген. Сатиралық характерди ашып бериўде де автор деталларды шеберлик пенен өз орнында қоллана алған. Мысалы: «Соң баяғы туристлик саяхатқа барғанымызда екеўмиз еки чемодан менен қайтқанбыз. Ҳәзир оның екеўинде де духий менен ерин бояйтуғын помадалар турыпты» [1.8]. Автор детальларды қолланыў арқалы гүррң сюжетиниң ықшам болыўына ерискен.

Жазыўшы гүррңдеги персонаждың наданлығы шығарманы оқыған адамның ызасын келиреди. Уллы болғанында, қуўанышын бөлисиўге адам

таппай, күтилмегенде басы ислеп кетеди ҳәм алтыншы - класста оқыйтуғын баласын оятып:

«– Сен ана үйге келе беретуғын  Әбдиғаппар әжағаңсаң,– деди кесаны услатып.

– Қәне, бир тилек айт» [1.9]. Бунда қаҳарманның психологиялық сыпаты, келте пәмлиги баласына кеса услатыўынан көринеди. Яғный, автор тәрепинен пулы көп бай, қурғын шаңарақлардың көпшилигиндеги бала тәрбиясына немқурайды қараўын өткир сынға алған.

Шаңарақта Тиллабийкениң өзин оннан бәлентте екенлигин төмендегы мысалда көриўге болады: «Қәрежет жағына келсек, бирақ және сол Тиллабийкеның тили узын, буўат, буўат пуллар келеди де турады» [1.9].   Буннан көринип тур, шаңарағында бийлик, әлбетте, ким нан, пул тапса соники.

Жазыўшы бул гүрриңи арқалы жәмийетимиздеги айырым  шаңарақлардағы жаслардың турмысын, яғный, хожалықта табысты көп тапқан ҳаяллардың дизгинди қолына алып бийлеўин, ер адамлардың ҳаялының айтқан барымына барып, арсынбастан, ҳәттеки, бундай ҳәрекетлерди «ҳаялының пул тапқышлығы» сыпатында мақтаныш пенен тилге алынатуғынлығы, улыўма парасатсыз, ақыл - ойы жоқ жигитлерди өткир сарказм  арқалы  сынға алынып, сүўретленген. Бундай шаңарақларда перзент тәрбиясына дурыслы итибар қаратылмай атырғанлығы да итибардан шетте қалмаған.

Жуўмақлап айтқанда, М.Нызанов жәмийетлик машқалаларды сүўрет-леўде қәлеми ысылған көркем сөз шебери сыпатында басқа жазыўшылардан өзгеше, индивидуал стильге ийе екенлиги менен ажыралып турады.

**Әдебиятлар:**

1. Нызанов М. Таңламалы шығармалары. 2-том. – Нөкис: Jeti ıqlım, 2023. – 300 б.
2. Есенов Ж. Танылған тулғалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2001. – 88 б.